

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun tindak komunikasi verbal jeung nonverbal nu aya dina drama Sunda *Juragan Hajat* karya Kang Ibing, sarta kasaluyuan di antara duanana. Tiori anu digunakeun nyaéta tiori wanda tindak tutur John Asutin, tiori fungsi tindak tutur Searle sarta tiori kinesik Jalaludin Rakhmat. Dina ieu panalungtikan, métode anu digunakeun nyaéta métode déskriptif. Dumasar kana pidangan dina bab IV, ieu panalungtikan bisa dicindekkeun dina pedaran ieu di handap.

Tindak komunikasi verbal (tindak tutur) nyoko kana dua hal, nyaéta wanda tindak tutur jeung fungsi tindak tutur. Kahiji, wanda tindak tutur ngawengku tilu rupa, nyaéta (1) tindak lokusi, (2) tindak ilokusi, jeung (3) tindak perlokusi. Kadua, fungsi tindak tutur ngawengku lima rupa, nyaéta (1) fungsi asértif, (2) fungsi diréktif, (3) fungsi éksprésif, (4) fungsi komisif, jeung (5) fungsi déklaratif.

Tindak komunikasi nonverbal nyoko kana opat polah (tindak), nyaéta (1) polah awak (tindak gestur) anu ngawengku kana polah leungeun saperti nunjuk; (2) polah paroman (tindak fasial) anu ngawengku 6 rupa polah, nyaéta paroman sedih, bungah, reuwas, ambek, sieun jeung keuheul; (3) polah dedegan (tindak postural) anu ngawengku 10 polah, nyaéta polah nangtung mongkoy, polah leumpang, polah rengkuh, polah capé, polah nukangan, tagog ménak, polah ngahormat, polah panata calagara, polah saregep jeung polah cacarita; sarta (4) polah gabungan (tindak kombinasi), anu nyoko kana fasial jeung gestur, fasial jeung postural, sarta gestur jeung postural.

Drama Sunda *Juragan Hajat* karya Kang Ibing mangrupa drama komedi anu kalintang éksprésifna. Katitén nalika panyatur nepikeun pesen verbal, loba pisan polah nonverbal anu marenganana saperti polah gestur, fasial jeung postural. Kasaluyuan antara tindak komunikasi verbal jeung nonverbal téh didasarkeun kana fungsi tindak tutur (asértif, diréktif, éksprésif, komisif jeung déklaratif) jeung kinesik (fasial, gestur jeung postur). Dumasar kana hasil analisis, polah

nonverbal nu marengan komunikasi verbal (tindak tutur) téh miboga fungsi salaku panglengkep (*komplemen*) jeung méré kategasan (*aksentuasi*) kana naon nu diucapkeun ku panyatur, nu utamana mah dina fungsi éksprésif.

## 5.2 Saran

Panalungtikan ngeunaan tindak komunikasi verbal atawa tindak tutur saméméhna geus aya nu medar, tapi ieu panalungtikan béda jeung panalungtikan saméméhna, lantaran salian ti medar ngeunaan tindak komunikasi verbal (tindak tutur), dibahas ogé ngeunaan tindak komunikasi nonverbalna anu ngawengku kinesik atawa gerak awak. Najan kitu, tangtu waé ieu panalungtikan téh masih loba kénéh héngkérna, masih kénéh loba anu kudu dipedar pikeun panalungtikan saterusna ngeunaan tindak komunikasi verbal jeung nonverbal. Patali jeung hal éta, aya sababaraha saran nu perlu ditepikeun.

- a. Panalungtikan ngeunaan tindak komunikasi verbal jeung nonverbal teu ngan saukur dina drama wungkul, tapi bisa ogé aya dina karya sastra séjén saperti carpon jeung novél. Ku kituna, masih perlu aya panalungtikan nu sarua tapi datana mangrupa karya sastra warna séjén.
- b. Salian ti analisis tindak komunikasi verbal jeung nonverbal dina drama Sunda *Juragan Hajat* karya Kang Ibing, bisa ogé dianalisis tata krama basa nu digunakeun dina paguneman drama *Juragan Hajat*. Ku kituna, perlu panalungtikan séjén nu ngulik tata krama basa dina drama Sunda *Juragan Hajat* karya Kang Ibing.
- c. Drama Sunda *Juragan Hajat* karya Kang Ibing mangrupa drama komedi anu euyeub ku ajén moralna. Ku kituna, ieu drama bisa ogé dianalisis ajén moralna sarta dijadikeun bahan ajar di sakola.